दिन—बुधवार दिनांक—29.05.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भीषण गर्मी आ भयंकर लू के देखैत राज्य मे आपदाक स्थिति बनि गेल अछि। एहि कारणे आइ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मुख्यसचिव ब्रजेश मेहरोत्रा के निर्देश देलनि जे आवश्यकतानुसार वर्तमान स्थिति के देखैत स्कूल सभ के बंद करबाक लेल समुचित कार्रवाई सुनिश्चित करथि ताकि बच्चा सभक स्वास्थ्य प्रभावित नहि होबय। निर्देशक आलोक मे मुख्य सचिव शिक्षा विभाग आ सभ जिलाक जिलाधिकारी के पत्र पठा कऽ काल्हि सँ आठ जून धरि स्कूल सभ के बंद करबाक निर्देश देलनि अछि।

---

एहि सँ पूर्व आइ भीषण गर्मीक कारणे बेगूसराय जिलाक मटिहानी स्थित अनुग्रह नारायाण उच्च विद्यालय मे एक्कैस बच्चा बेहोश भऽ गेलाह जिनका स्थानीय अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। ओतहि, शेखपुरा जिलाक अरियरी थाना क्षेत्र अंतर्गत मनकौल मध्य विद्यालय मे चेतना सत्रक क्रम मे सोलह बच्चा बेहोश भऽ कऽ खसि पड़लाह, जिनका सदर अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल। पटनाक घोसवरी प्रखंडक कुर्मीचक मध्य विद्यालय मे सेहो छओ बच्चा बेहोश भऽ गेलाह। औरंगाबाद, गया आ रोहतास सँ सेहो बच्चा सभक मोन खराब हेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि। मुंगेरक तारापुर मे हरिजन टोला कमरगांमा प्राईमरी स्कूलक शिक्षिका बेसी गर्मीक कारणे बेहोश भऽ गेलीह। बेगूसराय जिलाक छौड़ाही प्रखंडक उच्च विद्यालय सिहमाक शिक्षिका अंजना कुमारी सेहो बेहोश भऽ गेलीह, जिनका अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल।

---

एहि मध्य मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार प्रदेशक उत्तर—पश्चिम, दक्षिण—पश्चिम आ दक्षिण—मध्य भाग मे अधिकांश ठाम पारा तैतालीस डिग्री सेल्सियस के पार कऽ गेल अछि। आइ अड़तालीस डिग्री सेल्सियसक संग औरंगाबाद सभ सँ गर्म स्थान रहल। राजधानी पटना आ लगपासक क्षेत्र मे सेहो रिकॉर्ड गर्मी पड़ि रहल अछि। जाहि सँ जन—जीवन अस्त—व्यस्त भऽ गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे ई

सप्ताह गर्मीक प्रकोप बनल रहत आ लू चलबाक आशंका सेहो अछि। राति मे सेहो पारा बत्तीस डिग्री सेल्सियस सँ ऊपर रहबा के कारणे विभाग गर्म रातिक अलर्ट जारी कयलक अछि।

---

लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरण लेल प्रचार अभियान अंतिम चरण मे अछि। एहि चरणक अंतर्गत प्रदेशक आठ संसदीय क्षेत्र– नालंदा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आ जहानाबाद मे काल्हि सांझ प्रचार समाप्त भऽ जायत। मतदान एक जून के हेबाक अछि। प्रचारक अंतिम चरण मे एनडीए आ महागठबंधन समेत आनो दलक वरिष्ठ नेता आ स्टार प्रचारक लोकनि अपन पूरा ताकत लगा देने छथि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आइ काराकाट संसदीय क्षेत्रक विक्रमगंज मे एनडीए प्रत्याशी उपेन्द्र कुशवाहा के समर्थन मे जनसभा के संबोधित कयलनि। श्री सिंह बक्सर आ पटना साहिब मे सेहो पार्टीक प्रत्याशीक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओतहि, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान सासाराम संसदीय क्षेत्रक चेनारी मे भाजपा प्रत्याशी शिवेश रामक समर्थन मे चुनावी सभा के संबाधित कयलनि। एम्हर, राजद प्रमुख लालू प्रसाद लगातार दोसर दिन पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्र मे अपन पुत्री आ राजद प्रत्याशी मीसा भारतीक समर्थन मे चुनाव प्रचार कऽ रहल छथि।

———————————————————————————————————

राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सासाराम, काराकाट, बक्सर आ पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्र मे महागठबंधनक प्रत्याशीक पक्ष मे रैली के संबोधित कयलनि। एम्हर, भाजपाक प्रदेशक अध्यक्ष आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पाटलिपुत्रा संसदीय क्षेत्रक दानापुर स्थित दीघा नहर सँ सगुना मोड़ धरि रोड़–शो कयलनि।

———————————————————————————————————

आयकर विभाग लोकसभ के एकतीस मई धरि आधार सँ पैन के जोड़िलेबाक सलाह देलक अछि। विभाग कहलक अछि जे समय सीमाक भीतर आधार सँ पैन के नहि जोड़बा पर दुगूना दर सँ टीडीएस काटल जायत।

———————————————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति एहि वर्ष इंटरमीडिएट आ मैट्रिक विशेष तथा काम्पार्टमेंटल परीक्षाक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। एहि संग बोर्ड संपूर्ण परीक्षा चक्र पूरा कऽ कऽ देश मे सभ सँ पहिने ई उपलब्धि प्राप्त करयवला वोर्ड बनि गेल अछि।

———————————————————————————————————

शिवहर जिलाक तरयानी थाना क्षेत्रक विशनपुर गांम मे अपन दुआरि पर ठाढ़ दू महिला के एक अनियंत्रित ट्रक धक्का मारि देलक जाहि सँ एक महिलाक ठामहि मृत्यु भऽ गेलनि। जखन कि, दोसर महिला अस्पताल मे भर्ती छथि।

समस्तीपुर रेलमंडलक विभिन्न स्टेशन पर चलाओल गेल मेगा टिकट जांच अभियान मे सात हजार सँ बेसी बिना टिकट यात्रा कऽ रहल लोक सभ सँ जुर्माना वसूलल गेल।

———————————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।